

Plen taks ou pou ka touche lajan anretou

Ou gendwa kalifye pou w resevwa plizyè santèn dola nan rabousman taks lè w fè reklamasyon pou kredi taks federal sou revni ou touche e kredi taks pou timoun

Kijan pou w resevwa kredi taks:

- 1 Gade pou wè si w kalifye**
Chache konnen konbyen ou ta ka resevwa a nan [TaxOutreach.org/TaxCredits](https://www.TaxOutreach.org/TaxCredits)
- 2 Jwenn èd GRATIS sou taks**
Gade nan [GetYourRefund.org](https://www.GetYourRefund.org) oubyen rele nan 800-906-9887, menm si òdinèman ou pa plen taks.
- 3 Plen taks ou**
Jwenn èd gratis pou plen taks ou opita 15 avril 2024.

Kisa pou pote nan randevou pou w plen taks ou:

- Pyès didantite ki gen foto ki pa ekspire
- Kat sekirite sosyal, lèt ki verifye nimewo sekirite sosyal ou a, oubyen ITIN pou tout moun ki sou papye taks ou
- Fòmilè W-2 oubyen 1099
- Fòmilè 1095-A
- Tout avi IRS voye
- Dokimantasyon taks ou pou lane 2021 e 2022, si w genyen yo
- Identity Protection PIN (IP PIN), si w gen youn



Pou plis enfòmasyon, gade nan [TaxOutreach.org/TaxCredits](https://www.TaxOutreach.org/TaxCredits) oubyen rele IRS nan 1-800-829-1040





Kalifikasyon pou kredi taks federal sou revni (EITC) e kredi taks pou timoun (CTC):

Si w pa gen timoun ou gendwa kalifye pou yon EITC pou jouk \$600 si:

Laj:

Si laj ou te ant 25-64 le 31 desanm 2023.

Revni pou 2023:

Ou touche mwens pase \$17,640 (\$24,210 si w marye).

Si w pa sitwayen Etazini Damerik ou gendwa kalifye si:

- ▶ **EITC:** Ou menm, epou oubyen epouz ou, e yon timoun ou deklare sou taks ou ki gen yon bon nimewo sekirite sosyal (social security number, SSN)
- ▶ **CTC:** Yon timoun ou deklare sou taks ou gen yon SSN. Ou menm epi epou oubyen epouz ou a dwe gen yon SSN oubyen yon nimewo idantifikasyon endividyèl pou moun k ap peye taks (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN).

Èske m kalifye?

Nan moman pou plen taks ou, ou gendwa dwe mwens pase sa w te peye epi resevwa yon ranbousman

avèk kredi taks sou revni ou touche epi kredi taks pou timoun lan! Si w te travay nan lane 2023, ou gendwa kalifye pou kredi sa yo.

Benefis piblik:

- Reklamasyon pou benefis taks sa yo pa p chanje kalifikasyon w pou benefis federal tankou SNAP (food stamp), SSI, Medicaid, èd lajan, oubyen lojman piblik.
- Si w ekonomize ranbousman taks ou a, li pa p kalkile nan finansman federal nan resous nan pwogram benefis / limit byen pou 12 mwa apre ranbousman an resevwa.

Si w gen timoun ou gendwa kalifye pou EITC e CTC si:

Rezidans:

- ▶ Timoun ou yo t ap viv avè w depi plis pase mwatye lane 2023 a.

Laj - se pou timoun ou yo:

- ▶ **EITC:** Alaj 18 an oubyen pi jèn le 31 desanm 2023 (etidyan ki ale lekòl pou tout ane a e ki gen mwens pase 24 an e timoun ki gen andikap pèmanan oubyen andikap total ka gen nenpòt laj).
- ▶ **CTC:** 16 oubyen pi jèn le 31 desanm 2023.

Revni pou lane 2023:

- ▶ **Pou CTC federal**, si w touche plis pase \$2,500, ou gendwa reklame yon kredi ki gendwa jouk \$2,000 pou chak timoun.
- ▶ **Pou EITC federal**, revni ou yo dwe pou yo pi piti pase limit sa yo:

Kantite timoun	Travayè selibatè ki gen revni ki pi piti pase:	Travayè marye ki gen revni ki pi piti pase:	EITC pou jouk nan:
1 timoun	\$46,560	\$53,120	\$3,995
2 timoun	\$52,918	\$59,478	\$6,604
3 oubyen plis timoun	\$56,838	\$63,398	\$7,430

Li pa twò ta pou reklame kredi taks pwolonje pou lane 2021 an!

Poutèt pandemik la, EITC a e kredik taks pou timoun lan te pwolonje e disponib pou plis moun. Pwolongasyon sa a te fini, MEN si w te kalifye pou pwolongasyon EITC pou lane 2021 an, pwolongasyon kredi taks pou timoun pou lane 2021 an, oubyen nenpòt nan twa chèk estimilis yo e w pa t fè reklamasyon pou yo, li pa twò ta! Gade nan [TaxOutreach.org/expanded](https://www.TaxOutreach.org/expanded) pou jwenn plis detay.